

**St. Lucie Elementary  
St. Lucie Public Schools**



**Application for 21<sup>st</sup> Century After-school Program**

Y-ap ofri pwogram sa-a bay pitit ou-a pou amelyore konpetans li nan matematik, lekti, ekriti, ak syans. Pwogram nan aprè lekòl nan “St. Lucie Elementary” pral konpoze de pwojè ki baze sou aprantisaj k-ap enkòpore akademik avèk aktivite andeyò pwogram regilye-yo/anrichisman pèsonèl.

Yo pral anseye Lekti, Ekriti, ak “STEM” (Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik) atravè pwojè ki baze sou aprantisaj. Elèv-yo pral travay tèt ansanm nan mennen investigasyon, rechèch, ak anplwaye konpetans yo te aprann nan “21<sup>st</sup> Century” nan bi pou konplete yon varyete de pwojè pandan tout ane-a. Yo pral founi elèv tou tan pou travay sou devwa lakay ak patisipe nan aktivite andeyò pwogram regilye-yo tankou espò, atizay, leson patikilye, ak aktivite mentò.

Sesyon Aprè-Lekòl la se apati de 3:35 p.m. – 5:35 p.m.

Pwogram lan ap kòmanse nan Lendi, **19 mwa Out 2019, epi** yo pral ofri Lendi jiska Vandredi. Yon ti goute pral sèvi chak jou pwogram san koute paran / elèv (yo). Pwogram lan limite ak aplikasyon yo aksepte sou yon premye vini premye sèvi. Si nimewo nou yo pi plis pase nou kapab akomode, yo pral mete pitit ou sou yon lis datant.

**Tanpri pote atansyon a règ-yo ki nan lis anba-a:**

- **Yo pa-p founi transpòtasyon pou elèv-yo k-ap patisipe nan pwogram Aprè-Lekòl la.** Si pitit ou-a ap mache vin lekòl, tanpri voye yon nòt ki endike sa.
- Si pitit ou-a siyen pou pwogram nan, prezans-li obligatwa amwenske li absan lekòl jou sa-a. Elèv-yo dwe pote yon nòt ki sòti de paran-yo lè yo absan.
- Yo p-ap pèmèt okenn elèv pou kite lakou lekòl-la san yon notifikasyon alekri (de paran-l) pou koòdonatè-a. Paran-yo pral bezwen pou siyen nan ofis la pou sòti ak elèv-yo pi bonè.
- Elèv-yo mare avèk Kòd de Kondwit Elèv ki nan Lekòl Piblik-yo nan St Lucie pandan patisipasyon yo nan “21<sup>st</sup> CCLC”. <http://stlucie.k12.fl.us/pdf/codeofconduct.pdf>
- Konpòtman endisiplin pral lakòz tèminalasyon ou de pwogram nan -- **pa gen okenn eksepsyon.** Elèv-yo dwe respekte kamarad-yo, manm fakilte ak anplwaye.
- **Yo dwe vin chèche elèv yo vè 5:15 PM chak swa. Aprè twa (3) vin chèche anreta, yo pral tèmine-yo de pwogram nan.**
- **Paran patisipasyon se yon pati enpòtan nan pwogram “21<sup>st</sup> CCLC. Yo ekspekte pou ou asiste omwens de (2) nwit pou paran.**

**Tanpri ranpli lòt bò fòm sa-a konplètman epi fè pitit ou-a retounen-l nan ofis lekòl la.**

St. Lucie Elementary  
St. Lucie Public Schools



Application for 21<sup>st</sup> Century After-school Program

Asire ke aplikasyon sa-a ranpli konplètman anvan ou retounen-l. Si se pa sa, yo pa pral pran swen de li.

Non Elèv-la: \_\_\_\_\_ Dat Nesans li: \_\_\_\_\_

Lekòl li Anrole: \_\_\_\_\_ Grad: \_\_\_\_\_ #ID Elèv-la \_\_\_\_\_

Frè ak Sè ki nan Lekòl-la: \_\_\_\_\_

Elèv-la abite avèk: Manman \_\_\_\_\_ Papa \_\_\_\_\_ Toulède \_\_\_\_\_ Lòt Moun \_\_\_\_\_

Elèv-la ap Resevwa: Manje Gratis \_\_\_\_\_ Manje Pri Redui \_\_\_\_\_ Peye pou Manje \_\_\_\_\_

Elèv-la ap Resevwa Sèvis nan : Edikasyon Eksepsyonèl pou Elèv (ESE) \_\_\_\_\_ Anglè Kòm Dezyèm Langaj (ESOL) \_\_\_\_\_

**Paran Ap Vin Chèche Elèv-la \_\_\_\_\_ Elèv-la Ap Mache Pou Ale Lakay \_\_\_\_\_**

Adrès Lakay: \_\_\_\_\_

Telefòn Paran Lakay: \_\_\_\_\_ Mobil: \_\_\_\_\_ Nan Travay: \_\_\_\_\_

Non Moun Pou Kontakte Nan Ka Emèjensi: \_\_\_\_\_ Telefòn: \_\_\_\_\_

Kòmantè Espesyal Konsènan Medikaman oswa Pwoblèn Lasante : \_\_\_\_\_

Moun ki Otorize pou Vin Chèche Elèv-la: \_\_\_\_\_

**Mwen te li konplètman epitou diskite kondisyon ak regleman-yo ki sou devan ak nan do aplikasyon sa-a avèk pitit mwen-an epitou mwen pral sipòte sa pandan tout ane-a. Mwen konprann ke mwen dwe vin chèche pitit mwen-an alè (vè 6:35 p.m.) chak jou. Aprè twa (3) vin chèche anreta, yo andwa tèmine-l de pwogram nan.**

Non Paran (Prente): \_\_\_\_\_

Siyati Paran: \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

**Lekòl Piblik-vo Nan St. Lucie  
Sant Kominotè D'apantisaj "21<sup>st</sup> Century"  
OTORIZASYON POU BAY ENFÒMASYON**

Mwen dakò pou yo bay enfòmasyon sa-vo sou pitit mwen-an (Si mwen pa tcheke NON sa ka lakòz yo bay enfòmasyon sou pitit mwen-an):

**Wi**  **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo bay la pwès pou rekonesans oswa rezon de nouèl.

**Wi**  **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo pou "websites" lekòl oswa distrik-la ki aksesib piblikman oswa pou difizyon.

**Wi**  **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo pou "Websites" Depatman Edikasyon Eta Florida oswa 21<sup>st</sup> CCLC ki aksesib piblikman oswa pou difizyon .

**Wi**  **Non** - Non, foto , ak kontak enfòmasyon pitit mwen-an pou fotogwaf nan liv souvni lekòl.

**Wi**  **Non** - Enfòmasyon anyè pitit mwen-an (non ak grad elèv)

Non (Tanpri Prente) \_\_\_\_\_ Siyati \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_

**Si ou ta vle resevwa kominikasyon pa imèl, tanpri founi adrès imèl-ou:**